

1199SEIU United Healthcare Workers East
Kesyon Manm yo Poze Souvan sou Abitraj Salè ak Èdtan Swen Lakay yo

Arden Claims dwe resevwa Fòm abitraj sale ak edtan la, pa pita pase 27,Septanm 2022. Pa gen okenn eksepsyon.

Nenpot kesyon ou ka genyen tanpri rele reprezantan sendika ou oswa liy direk la 212-857-4306.

(1) Pou kisa 1199SEIU te depoze yon doleyans konsènan salè yo epi konsènan abitraj la te ye?

An 2019, sendika rejyon 1199 te pote plent nan yon fason kolektif kont karannde (42) ajans ki bay swen lakay nan non manm aktyèl ak ansyen manm sendika rejyon 1199 reprezante yo. Doleyan lan te depoze paske sendika rejyon 1199 te kwè patwon yo te vyole CBA yo a ak lwa Eta ak federal sou salè ak èdtan paske yo pa toujou peye pou poz pou somèy ak lè repa yopou ka 24 èdtan yo, paske yo pa peye pou lè siplemantè yo dapre lwa federal ant janvye 2015 ak oktòb 2015, epi paske yo pa peye tan depasman anvan 2015. Dapre CBA an, doleyans lan te ale nan medyasyon epi apre sa nan abitraj. Dapre CBA an, moun kap fè Abitraj la dwe aplike lwa Eta ak lwa federal yo.

(2) Kisa moun ki fè Abitraj la te akòde?

An fevriye 2022, moun kap fè Abitraj la te bay yon Desizyon kote yo te jwenn tout karannde (42) patwon yo te vyole divès lwa nan yon sèten degre epi li te prevwa kreyasyon yon Fon Salè Espesyal pou patwon yo te finanse nan yon montan apeprè \$30 milyon.

(3) Kiyès ki pral peye Fon Salè Espesyal la?

Tout 42 patwon yo pral kreye Fon Salè Espesyal la kote y ap fè kontribisyon pou chak anplwaye endividyèl ki te sou pewòl yo nenpòt lè ant kòmansman peryòd ki aplikab la (nan pifò ka ki se pandan 2 janvye 2013) ak 31 oktòb 2021, kèlkeswa si travayè endividyèl la te fè yon reklamasyon.

(4) Ki Patwon ki kouvri nan Fon Salè Espesyal la?

ABC Health Service Registry, AccentCare of NY, Inc., Alliance for Health, Alliance Home Services, Azor Home Care, Bronx Jewish Community Council Home Attendant Services, Bushwick Stuyvesant Heights Home Attendant, CABS Home Care, Care at Home, Chinese-American Planning Council Home Attendant Program, Inc., CIDNY, Cooperative Home Care, Family Home Care Services of Brooklyn and Queens, FECS Home Care, First Chinese Presbyterian CAHA, Home Care Services For Independent Living, Home Health Management, New York Foundation for Senior Citizens Home Attendant, Partners in Care, Personal Touch Home Care of N.Y., Personal Touch Home Care of Long Island, Personal Touch Home Care of Westchester, People Care, Inc., Premier Home Health Care, Prestige Home Attendant ki fonksyonnen avèk non All Season, Prestige Home Care, Priority Home Care, PSC Community Services, Inc., RAIN Home Attendant Services, Inc., Region Care, Richmond Home Needs, RiseBoro HomeCare, Inc., Riverspring Licensed Home Care Agency, Rockaway Home Attendant, Saint Nicholas Human Support Corp., School Settlement Home Attendant Corp., Special Touch Home Care Services, Inc., Stella Orton Home Care, Sunnyside Home Care Project, Sunnyside Citywide Home Care, United Jewish Council of the East Side Home Attendant Services, Wartburg – No Place Like Home Care

(5) E si patwon mwen an pa kouvri?

Si w ap travay pou yon ajans ki pa nan sendika reyon 1199 oswa ki pa site anwo a, ou p ap kalifye pou fè yon reklamasyon. Si ou te travay anvan pou nenpòt nan ajans yo ki site anwo a, ou kalifye toujou pou fè yon reklamasyon.

(6) Kòman yo pral distribye Fon Salè Espesyal la?

Y ap distribye Fon Salè Espesyal la bay travayè ki nan sendika rejon 1199 ki kalifye yo ki te travay nan nenpòt nan 42 ajans yo ki site anwo a ki soumèt atan yon fòm reklamasyon bay administratè reklamasyon yo.

(7) Èske mwen dwe soumèt yon fòm reklamasyon pou jwenn yon chèk nan Fon Salè Espesyal la?

Wi, ou dwe soumèt yon fòm reklamasyon pa pita pase 27, Septanm 2022.

Ou gen opsyon pou voye fòm nan pa faks oswa imel, li dwe soumèt nan dat limit ki sou fòm nan. Si ou pa soumèt fòm nan nan dat limit la fòm ou a p ap elijib pou resevwa yon peman.

(8) Kòman pou mwen jwenn yon fòm reklamasyon?

Arden Claim Service deja voye pa lapos fòm reklamasyon yo. Si ou poko resevwa nankomansman mwa Out, tampri rele reprezantan sendika w la, rele nimewo liy direk 212-857-4306.

Oswa ale sou sit entenet nou an <https://1199homehealthaidearbitration.com> pou telechaje yon fòm .

(9) Kisa k ap rive si mwen te travay pou plizyè ajans ki nan lis la?

Ou dwe soumèt sèlman yon sèl fòm reklamasyon.

(10) Èske kantite èdtan mwen nan toude ajans yo ap konte?

Wi, èdtan ak woulman ou te travay nan chak ajans ap konte pou detèmine pati pa ou nan Fon Salè Espesyal la.

(11) Konbyen mwen pral resevwa?

Montan yon travayè endividyèl ap resevwa pral depann de kantite èdtan li te travay ak/oswa kantite woulman 24 èdtan li te travay, men tou li pral depann de kantite travayè ki soumèt fòm reklamasyon yo nan bon moman. Yo pral detèmine distribisyon pou chak travayè selon fòmil Moun kap fè Arbitraj la apwouve.

(12) Èske Fon Salè Espesyal la ap divize egalego ant tout travayè yo?

Non. Yo pral distribye Fon Salè Espesyal la bay tout travayè ki soumèt reklamasyon yo nan atan selon fòmil Moun kap fè Arbitraj la fikse a. Fon Salè Espesyal la favorize travayè yo ki te travay nan ka 24 èdtan yo (apeprè 5-7% nan travayè yo) epi travayè sa yo pral resevwa plis pase travayè ki pa te travay nan ka 24 èdtan yo.

(13) Kilè travayè yo pral resevwa chèk yo nan Fon Salè Espesyal la?

Travayè yo dwe soumèt fòm reklamasyon yo pa pita pase 27, Septanm 2022. Apre yo resevwa fòm reklamasyon, administratè reklamasyon an ap kalkile kantite lajan an dwe anplwaye a epi answit bay travayè yo chek yo.

(14) Èske yo pral itilize Fon Salè Espesyal la pou nenpòt lòt rezon?

Anplis de peye reklamasyon travayè sendika reyon 1199 yo, Fon Salè Espesyal la pral peye frè pou Arbitraj ak pou distribisyon Fon Salè Espesyal la, ak frè avoka limite (byenke sendika rejon 1199 ap renonse ak

dwa li genyen pou l rekipere frè avoka nan Salè Fon Espesyal la). Nan yon ka aksyon kolektif anjeneral, plis pase trant pousan (30%) nan yon distribisyon sèvi pou peye frè avoka, yon bagay ki pa pral rive nan sitiyasyon sa. Sizoka gen lajan ki rete apre yo fin voye chèk yo bay Anplwaye yo (sa vle di akòz chèk ki pa chanje, ki pa livre, eksetera), yo pral depoze lajan sa yo nan Fon Edikasyon 1199SEIU pou Endistri Swen Lakay, ki pral itilize pou bay edikasyon ak fòmasyon pou travayè swen lakay yo. Okenn dola nan Fon Salè Espesyal la p ap retounen al jwenn yon Patwon.